

PIWULANG SAJRONE NASKAH SERAT WEDYA PRAMANA

(Tintingan Filologi)

Ana Septianingrum

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
anaseptianingrum@gmail.com

Dra. Sri Wahyu Widayati, M. Si

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Salah siji asiling kabudayan masyarakat Jawa yaiku sastra. Jinising kasusastran Jawa akeh, salah sijine yaiku naskah. Naskah mujudake asil pamikiran, rasa pangrasa lan maneka informasi kang wigati tumrap masyarakat. Salah sijine naskah kasebut yaiku *Serat Wedya Pramana* kang didadekake obyek panliten kang narik kawigaten kanggo diteliti. Naskah iki dipilih dadi obyek panliten amarga isine ngamot piwulangan-piwulang kanggo mahami sejatining urip.

Underaning panliten yaiku (1) Kepriye wujud lan isi *Serat Wedya Pramana*?, (2) Kepriye suntingan *Serat Wedya Pramana*? lan (3) Kepriye piwulang kang kinandhut sajrone *Serat Wedya Pramana*?. Sesambungan klawan underaning panliten mau, panliten iki diajab bisa nyumbangake kawruh mligine ing babagan piwulang.

Panliten iki mujudake panliten ngenani naskah lawas kang ditulis tangan kanthi tintingan filologi modern. Tintingan liyane kang digunakake yaiku struktur puisi, ilmu kalam lan hermeneutik. Panliten iki uga nggunakake konsep piwulang amarga bab kang ditengenake sajroning naskah yaiku piwulang mligine piwulang agama lan piwulang kabecikan. Panliten iki kalebu ing panliten kualitatif kanthi nggunakake metode deskriptif analitik. Dene sajroning kritik teks, metode kang digunakake yaiku metode naskah tunggal kanthi terbitan teks edisi diplomatik. Teknik pangumpulan data nggunakake kartu dhata lan cathetan.

Asiling panliten iki ngandharake deskripsi naskah, suntingan teks, sasmita lan wewatekaning tembang lan piwulang sajroning *Serat Wedya Pramana*. *Serat Wedya Pramana* minangka perangan saka naskah kanthi irah-irahan *Serat Darma Sonya lan Wedya Pramana*. Suntingan teks sajrone panliten filologi minangka punjere panliten lan wigati. Piwulang ing *Serat Wedya Pramana* diperang dadi loro. Sepisan piwulang ngenani Gusti Allah. Kapindho piwulang tumrap diri pribadhi manungsa. Piwulang ngenani Gusti Allah diperang dadi telu, yaiku sipate Gusti Allah, kuwajiban marang Gusti Allah lan dununge Gusti Allah. Piwulang tumrap diri pribadhi manungsa diperang dadi lima, antarane kaluwihane manungsa, kuwajibane manungsa ngangsu kawruh, kodrating manungsa, bab kang kudu dilakoni dening manungsa, lan nasibe manungsa.

Pepenget: naskah, deskripsi, suntingan teks, lan piwulang.

Abstrak

Salah satu hasil dari kebudayaan masyarakat Jawa adalah sastra. Jenis sastra Jawa banyak, salah satunya adalah naskah. Naskah merupakan hasil pemikiran, perasaan dan berbagai informasi yang penting bagi masyarakat. Salah satu naskah tersebut adalah *Serat Wedya Pramana* yang menarik untuk diteliti sebagai obyek penelitian. Naskah ini dijadikan sebagai obyek penelitian karena isinya mengandung ajaran untuk memahami kehidupan.

Rumusan masalah penelitian ini adalah (1) Bagaimana bentuk dan isi naskah *Serat Wedya Pramana*?, (2) Bagaimana suntingan naskah *Serat Wedya Pramana*? dan (3) Ajaran apa saja yang terkandung dalam naskah *Serat Wedya Pramana*?. Sehubungan dengan rumusan masalah tersebut, penelitian ini diharapkan dapat memberikan informasi dan ilmu khususnya mengenai ajaran.

Penelitian ini merupakan penelitian mengenai naskah lama yang ditulis tangan dengan teori filologi modern. Selain menggunakan teori filologi, teori lainnya yang digunakan adalah struktur puisi, ilmu kalam dan hermeneutik. Penelitian ini menggunakan konsep ajaran karena bab yang paling mendominasi dalam naskah adalah ajaran, khususnya ajaran agama dan ajaran tentang kebaikan. Penelitian ini termasuk dalam penelitian kualitatif dengan menggunakan metode deskriptif analitik. Metode yang digunakan dalam kritik teks menggunakan metode naskah tunggal dengan edisi diplomatik. Teknik pengumpulan data menggunakan kartu data dan catatan.

Hasil penelitian ini menjelaskan tentang deskripsi naskah, suntingan teks, sasmita dan watak tembang, dan ajaran dalam *Serat Wedya Pramana*. *Serat Wedya Pramana* merupakan bagian dari naskah *Serat Darma Sonya lan Wedya Pramana*. Suntingan teks merupakan hal yang penting dan sebagai poros dalam penelitian filologi. Ajaran dalam *Serat Wedya Pramana* dibagi menjadi dua. Yang pertama adalah ajaran mengenai Allah. Yang kedua adalah ajaran untuk diri

pribadi manusia. Ajaran mengenai Allah sibagi menjadi tiga, antara lain sifat Allah, kewajiban kepada Allah dan tempat Allah berada. Ajaran tentang dhiri pribadi manusia dibagi menjadi lima, antara lain, kelebihan manusia, kewajiban manusia untuk menuntut ilmu, kodrat manusia, hal yang harus dilakukan oleh manusia dan nasib manusia.

Kata kunci: naskah, deskripsi, suntingan teks, dan *piwulang*.

PURWAKA

Tanah Jawa kalebu wilayah kang jembar lan akeh pendhudhuke. Anane wilayah kang jembar lan pendhudhuk kang akeh, nyebabake asil kabudayan kang maneka warna. Masyarakat Jawa kawentar minangka masyarakat kang nduweni kabudayan kang adiluhung. Salah siji asil kabudayan yaiku sastra. Kasusastran minangka salah siji unsur kang ora bisa dipisahake klawan manungsa ing panguripane. Amarga sastra iku minangka asile kabudayan. Cundhuk karo andharane Ratna (2004, 11) yen karya sastra minangka bagian kang ora bisa dipisahake karo kabudayan. Salah siji asil kabudayan kasebut yaiku kasusastran Jawa.

Kasusastran Jawa yaiku kasusastran kang nggunakake basa Jawa, diasilake dening masyarakat Jawa lan sumebar ing masyarakat Jawa. Miturut Poerbatjaraka (1957) periode kasusastran Jawa diperang dadi papat, yaiku: (1) Kasusastran Jaman Kuna, (2) Kasusastran Tengahan, (3) Jaman Islam, lan (4) Jaman Surakarta Awal. Jaman Islam lan Jaman Surakarta awal iki bisa kalebu ing jaman kasusastran Jawa Anyar. Minangka tetinggalan kasusastran ing jaman biyen kang bisa menehi katrangan kanthi cetha yaiku naskah (Soeratio, 1997:9). Naskah yaiku tinggalane *leluhur* kang tinulis tangan ing kertas, lontar, kulit kayu, lan rotan (Djamaris, 2002:3).

Naskah ngamot piwulang becik amarga naskah minangka reriptane para pujangga kang tulisane ngandhut pesen-pesen moral, *falsafah* utawa nilai filosofi sajrone urip, ramalan, crita, lan ajaran utawa kawruh. Salah sawijine naskah kang ngandhut pesen moral lan agama yaiku naskah *Serat Wedya Pramana*. Isi naskah *Serat Wedya Pramana* yaiku ngenani piwulang-piwulang becik tumrap manungsa.

Panliten tumrap naskah *Serat Wedya Pramana* ditindakake supaya ngasilake andharan ing babagan piwulang-piwulang becik tumrap manungsa ing urip bebrayan. Bab iki nduweni piguna ing jaman kang wis tuwa iki, amarga manungsa ing jaman kang sarwa *modern* iki tumindake akeh kang ora manut marang aturan. Supaya tumindhake manungsa ora ngluwihi wates, manungsa mbutuhake ajaran utawa piwulang tumrap uripe. Supaya luwih nggampangake pamaca anggane mangerteni isining naskah, mula bakal

dionceki kanthi luwih cetha lan diperang dadi bab-bab. Adhedhasar saka andharan ing ndhuwur, mula panliten iki nduweni irah-irahan yaiku *Piwulang sajrone Naskah Serat Wedya Pramana* (Tintingan Filologi).

Filologi minangka ilmu kang nduweni gegayutan karo karya-karya ing jaman biyen kang awujud tulisan (Baried, 1994:1). Tembung filologi asale saka basa Yunani yaiku *philologia* gabungan saka tembung *philos* kang ateges kanca lan *logos* kang ateges wicara utawa ilmu. Saka andharan kasebut banjur dimangerteni yen filologi yaiku tresna marang kawruh, tresna sinau, lan tresna marang tulisan kang nduweni nilai luhur kayata nilai kasusastran. Minangka tetembungan, filologi wiwit dianggo dening sakelompok panliti saka Iskandariyah ing abad katelu SM (Baried, 1994:2).

Struktur yaiku sakabehe unsur-unsur kang nduweni gegayutan siji lan liyane (Siwantoro: 2010:13). Puisi yaiku wujud kasusastran kang nggunakake basa minangka sarana kaendahan. *Makna* sajrone puisi bisa ditintingi kanthi cara nganalisis *makna* saben unsur-unsur kasebut minangka sistem struktur. Mula, struktur puisi yaiku gabungan unsur-unsur kang nduweni sesambungan siji lan liyane kang ana sajroning puisi. Puisi kang digunakake ing panliten yaiku puisi Jawa. Salah siji jinising puisi ing kasusastran Jawa yaiku tembang macapat.

Struktur wujud kang digunakake sajroning *Serat Wedya Pramana* yaiku struktur tembang macapat. Macapat minangka jinis puisi tradisional sajroning kasusastran Jawa (Padmosoekotjo, 1958 sajroning Luginem dkk, 1996:1). Struktur puisi kang ana ing panliten iki nduweni gegayutan karo tembang macapat. Antarane yaiku: (1) paugerane tembang macapat, (2) wataking tembang macapat, lan (3) sasmitaning tembang macapat.

Piwulang yaiku samubarang kang diwulangake, pitutur, wewarah, lan ajaran (Bausastra, 2001:608). Cundhuk karo apa kang diandharake ing Kamus *Pepak Basa Jawa* yen piwulang yaiku pitutur, wuruk, pangajaran. Dene pitutur yaiku: (1) Piwulang kabecikan; (2) pepeling sarta pamrayoga (supaya nindakake sing ora pantes). Tegese, piwulang yaiku tata cara kang digunakake dening manungsa kanggo nuntun

tumindhake supaya bisa laras karo nilai-nilai masyarakat lan kabudayan kang lumaku.

Ilmu kalam miturut Rochimah, dkk (2012:1) yaiku ilmu kang ngandharake bab akidah utawa tata krama kang nduweni sesambungan karo dalil-dalil *aqliyah (rasional ilmiah)*. Luwih jeru Al Faraby (sajrone Rochimah dkk, 2012:1) ngandharake yen ilmu kalam yaiku *disiplin ilmu* kang ngandharake sipat lan *dzat* lan sakabahe bab kang bakal dumadi kang nduweni sesambungan karo perkara-perkara kang ana ing donya nganti tumekaning pati adhedhasar *syariat* Islam. Saliyane nggunakake tetembungan “ilmu kalam”, ana tetembungan liya kang digunakake kanggo nyebutake, yaiku ilmu tauhid.

METODHE

Panliten ngenani naskah *Serat Wedya Pramana* iki kalebu ing panliten *kualitatif*. Cara ngandharake panliten *kualitatif* yaiku nggunakake metode deskriptif analitik. Panliten deskriptif nduweni gegayutan karo ngumpulake dhata, *identifikasi*, lan gegayutan sajrone variabel (Sulistyo, 2010:110). Saliyane nggunakake metode deskriptif analitik, sajrone panliten naskah *Serat Wedya Pramana* uga nggunakake metode naskah tunggal sajroning kritik teks. Kritik teks ditindakake kanggo ngasilake terbitan teks utawa edisi ilmiah teks.

Sumber data utama sajrone panliten *kualitatif* yaiku tembung-tembung lan tumindak, luwihe yaiku data tambahan kayata *dokumen* lsp (Moleong, 2011:157). Sumber data ing panliten iki arupa naskah *Serat Wedya Pramana* awujud tembang ing kaca 53-65 lan 68-90 lan awujud gancaran ing kaca 66-67. *Serat Wedya Pramana* ditulis tangan kanthi aksara Jawa kang gampang dimangerteni dening pamaca. Naskah iki minangka naskah pribadi duweke mbah Sarjo ing desa Ngariboyo RT 05 RW 01, Kecamatan Ngariboyo, Kabupaten Magetan. Data kang bakal diteliti ing panliten iki arupa sakabehe tembung-tembung lan ukara sajrone *Serat Wedya Pramana*. Mligine, tembung-tembung utawa ukara kang ngandhut piwulang sajrone *Serat Wedya Pramana*.

Ing panliten *kualitatif*, kang dadi instrumen utawa alat pangumpuling data yaiku panliti dhewe (Sugiyono, 2013:59). Amarga ing kene, kang bakal nindakake lan nintingi panliten yaiku panliti dhewe. Instrumen liya kang digunakake yaiku kartu data lan buku cathetan. Ukuran kartu dhata yaiku 15 cm x 10 cm.

ANDHARAN

Dheskripsi naskah mujudake tahap wiwitan sajroning panliten filologi kang ditindakake ing kene. Irah-irahane naskah cetha katulis ana ing samak ngarep yaiku “serat darma sonya lan wedya pramana”, nanging kang digunakake dadi obyek panliten yaiku *Serat Wedya Pramana*. Naskah *Serat Wedya Pramana* ditulis dening Ki Harja Wiyata lan naskah iki bubar katulis ing tanggal 28 Mei 1936 ing Selasari Magetan. Aksara kang digunakake sajrone naskah yaiku aksara Jawa. Cacahe kaca *Serat Wedya Pramana* kang diteliti ana 37 perangan saka 93 kaca naskah *Serat Dharma Sonya lan Wedya Pramana*. Bahan kanggo nulis naskah yaiku buku folio tanpa garis lan bahan kang digunakake kanggo nulis serat yaiku mangsi. Basa kang digunakake sajrone naskah yaiku basa Jawa Gagrag Anyar lan dimangaribawani basa Kawi lan basa Arab.

Naskah *Serat Wedya Pramana* awujud tembang ing kaca 53-65 lan 68-90 lan awujud gancaran ing kaca 66-67. Tembang kang ana sajrone naskah antarane: Sinom, Gambuh, Megatruh, Pangkur, Asmaradana, Dhangdhanggula, Kinanthi, lan Maskumambang. Sacara umum, kahanan naskah isih apik lan tulisan naskah bisa diwaca kanthi cetha.

Isining naskah *Serat Wedya Pramana* yaiku ngenani piwulang agama mligine agama Islam. Miturut naskah *Serat Wedya Pramana*, manungsa kacipta ing donya iki minangka makhluk kang paling sampurna. Manungsa sinebut ceciptane kang sampurna amarga Gusti Allah nyampurnakake manungsa kanthi rasa pangrasa sajroning ati lan pamikire.

Manungsa uga nduweni napsu, nepsu kang diandharake amung nepsu supiyah, nepsu aluamah, lan nepsu amarah. Nepsu supiyah nduweni gegayutan karo nepsu kang dinduweni manungsa kang nduweni gegayutan karo kadonyan. Dene nepsu aluamah yaiku nepsu kang disimbolake kanthi werna ireng. Sajroning naskah *Serat Wedya Pramana* uga dicritakake ngenani piwulang-piwulang becik. Antarane yaiku minangka manungsa kudu sabar lan narima ing kahanan apa wae. Aja sok seneng nyacad sapadha. Manungsa iku kudu bisa dadi pribadi kang unggul, pribadi kang apik marang liyane, lan prasetya ing janji. Amarga sakabehane tumindak kang becik bakal antuk piwales kang becik. Dene sakabehe tumindak kang ala, bakal antuk piwales kang ala uga saka Gusti Pangeran.

Piwulungan agama Islam kang diandharake yaiku ngenani sipat-sipat kang dinduweni dening Gusti Allah. Antarane anane gusti Allah kang tunggal utawa cacahé siji. Dununge Gusti Allah iku ora ana kang mangerteni. Sipat kang dinduweni dening Gusti Allah antarane sipat pangandika, kuwasa, misesani, maha Agung, nduweni Karsa, ora mati, maha Miarsa, dudu lanang utawa wadon. Gusti Allah iku uga murah asih lan kuwasane kang luhung.

Dene piwulang agama Islam kang ana gegayutane minangka umat Islam, antarane: nduweni kewajiban yaiku netepi ngibadah limang wektu, senajan manungsa nggawe luput aja lali nyuwun pangapura marang Gusti Allah amarga Gusti Allah bakal wenoh pangapura. Minangka umat Islam kudu percaya marang kodrat kang tinulis dening Gusti Allah. Sakabehe tumindak kang dilakoni dening manungsa kasebut adhedhasar saka kadis (hadis) lan Qur'an, mula manungsa kudu nengeneke tumindak becik tinimbang tumindak ala.

Sajrone panliten filologi, suntingan teks minangka aspek kang paling wigati. Terbitan teks kang digunakake yaiku edisi *diplomatik*. Bab-bab kang digunakake panliti sajroning edisi *diplomatik* antarane: (1) naskah ditulis (transliterasi) kaya asline, (2) kaluputan naskah dituduhake kanthi tandha kang cetha, lan (3) sawise dibenerake, diwenahi panyaru utawa komentar ngenani owah-owahaning teks. Panliti nggunakake edisi *diplomatik* supaya para maca bisa kanthi gampang mangerteni asiling panliten iki.

Bageyan kang dipilih dadi suntingan teks yaiku pupuh Sinom ing kaca 55-59 lan pupuh Pangkur ing kaca 71-73. Pupuh iki dipilih dadi suntingan amarga sajroning pupuh iki panliti akeh nemokake bab-bab kang narik kawigatan panliti kayata: panggunane metrum kang kurang trep, naskah kang kalebu naskah kraton iki kaprabawan naskah pesisiran, lan panulisane tembung-tembung jaman biyen ora laras karo panulisan ing jaman saiki.

Naskah *Serat Wedya Pramana* iki durung tamtu naskah kang sepisan ditulis dening pengarang. Naskah *Serat Wedya Pramana* bisa uga mujudake sawenehing naskah turunan saka naskah asline, saengga nalika pengarang naskah *Serat Wedya Pramana* nurun ana penyimpangan kang dumadi. Mula diperlokake kanggo ndandani, nglurusake, lan *representasi* naskah lan teks. Upaya kasebut diarani kritik teks kanthi tujuwan yaiku

nemokake teks kang bisa dipercaya. Kanggo ngarani teks kang ana sajroning naskah lan suntingan teks, panliti nggunakake singkatan supaya luwih ringkes, yaiku:

N (naskah) : tembung kang ana sajroning naskah

S (suntingan) : asiling suntingan teks sajroning naskah

Asiling suntingan lan kritik teks, diandharake ana ing tabel ngisor iki:

N o	Naskah	Suntingan
1	wèdya pramana	wèdya pramana
2	dubudi	dur budi
3	wrening	wening
4	sumarawung	sumrawung
5	tarja	arja
6	ningati	nèng ati
7	satowan	sato kewan
8	mongka	mangka
9	luputè	luputè
10	nalongsa	nelangsa
11	jroning nèng	sajroning
12	poncadriya	pancadriya
13	kakèkat insaniyah	kakèkat insaniyah
14	hyang windhi	Hyang widhi
15	ya alas tubirabikum	ya alas tubirabikum
16	ingsun iki apa dudu agustinira	ingsun iki apa dudu gusti nira
17	jangji	janji
18	pangandika wang	sun pangandika
19	kaping tri déné èngèt sira	ping tri déné èngèt sira
20	anggonda	angganda
21	ping enem aywa minihi	ping nem aywa milih
22	pikalempit	kang kalempit
23	miminta	nyenyuwun
24	umengeta ing janji aja pepek	umengeta anèng janji aja pepek
25	dunya	donya
26	martabat akdiyat	martabat ahadiyah
27	mongsa	mangsa
28	wun	sun
29	tuwan	tuwan
30	punang manungsa sajati	manungsa kang sajati
31	martabat wahdat	martabat wahdah
32	kang kuduné dén laksanani	kang kudu dén laksanani
33	konca	kanca
34	anak genjik	ana genjik
35	sinawonga	sinawunga
36	waliyullah kalawan nabi	waliyullah kalawan nabi
37	wdaliya sarta majenun	wdaliya sarta majenun

38	montra	mantra
39	apuronta	apuranta
40	iya allah iya pangéran ya ingsun	iya allah iya pangéran ya ingsun
41	condra	candra
42	iku taupamanipun	iku kautamanipun
43	kasmaran putri	kasmaran putri

Tabel ing ndhuwur ngandharake ngenani asiling suntingan lan kritik teks. Sajroning panliten filologi, bab sabanjure yaiku ngenani komentar. Komentar ing panliten kanthi obyek naskah *Serat Wedya Pramana* iki ora kabeh tembung lan ukara diwenahi komentar, amarga komentar kang diwenahi adhedhasar saka tembung tartamtu kang narik kawigatene panliti, ora trep panulisane miturut kamus, kurang trep panggunane metrum lan paugeran tembang macapat lan tembung kang salah panulisane.

Piwulang lan Ilmu Kalam minangka bab kang paling ditengenake sajroning naskah. Piwulang sajroning naskah *Serat Wedya Pramana* diperang dadi loro, yaiku: (1) piwulang kang gegayutan karo Gusti Pangeran, lan (2) piwulang tumrap dhirining manungsa.

1) Piwulang kang Gegayutan karo Gusti Pangeran

Piwulang ngenani Gusti Allah ing kene yaiku sesambungane manungsa karo sing nyipta yaiku Gusti Allah. Naskah *Serat Wedya Pramana* isine ngenani piwulang agama mligine agama Islam. Antarane yaiku: (1) sipate Gusti Allah, (2) kuwajiban marang Gusti Allah lan (3) dununge Gusti Allah. Piwulang kang gegayutan karo Pangeran iki minangka perangan kang paling “hakiki”, jalaran ing kene gegayutan langsung marang Pangeran kang dadi sesembahane utawa gusti-Ne umat Islam.

(1) Sipate Gusti Allah

Sipat kang dijlentrehake antarane yaiku: Tunggal, ora lanang lan ora wadon, Kang Maha Kuwasa, murah asih, weneh pangapura, Kang Maha Pangeksi lan Miyarsa, lan Gusti Allah iku *abadi* utawa urip salawase (ora mati). Sipat-sipat kang dinduweni dening Gusti Pangeran kanthi cetha bakal diandharake ing ngisor iki. Pethikane *Serat Wedya Pramana* ana ing ngisor iki:

wong siji Allah asiji/ ana lema ana kera/ ana bagus ana élék/ jer mung nurut ingkang darbya/ Allah wadon ya ana/ tur maksih prawan wahayu/ iku ngélmuning keparat// (kaca 74, Asmaradana:7)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake ngenani Sipate Gusti Allah kang tunggal utawa Siji lan ora lanang uga ora wadon. Saliyane sipating Gusti Allah kang kasebutake pethikan ndhuwur iku, ana sipat-sipat liyane. Kayata Kang Maha Kuwasa lan *abadi* utawa ora bisa mati. Pethikane naskah *Serat Wedya Pramana*:

sipat kawruh sipat gesang/ sipat pamyarsa pangéksi/ sarta sipat pangandika/ ananing Allah sayekti/ kuwasa misésani/ ananing Allah maha gung/ karsa ingkang sanyata/ ananing Allah ngawruhi/ ananing hyang gesang baé tanpa séda//

Pethikan ing ndhuwur ngandharake ngenani sipate Gusti Allah kang Maha Pangeksi lan Miyarsa. Saliyane disebutake yen Gusti Allah Maha Pangeksi lan Miyarsa. Cuplikan ing ndhuwur kang ngandharake yen Gusti Allah iku Maha Ngrungu yaiku saka ukara “sipat pamyarsa pangéksi”. Tembung *pamyarsa* miturut Bausastra Jawa tegese krungu. Dene pangeksi tegese ndeleng utawa nyawang.

Sipate Gusti Allah kang weneh pangapura marang manungsa kang nggawe luput. Manungsa anggone nggawe luput iku gampang banget. Luput yaiku salah lan salah nyebabake dosa. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

aduh kapuputing puput/ nadyan maténana janmi/ pisan iya tan dadya pa/ Pangéran pasthi maringi/ pangapuran uger rira/ datan limut limang wanci// (kaca 83, Kinanthi:8)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen Gusti Allah iku weneh pangapura marang sakabehe dosa kang dilakoni dening manungsa. Salah siji cara manungsa kanggo njaluk pangapura marang Gusti Allah yaiku kanthi cara salat, amarga salat ngelingake manungsa marang Gusti Allah kanthi cara ndonga. Sakabehe sipat kang dinduweni dening Gusti Allah, durung mesthi manungsa uga nduweni utawa nandhingi.

(2) Dununge Gusti Allah

Dununge Gusti Allah ora ana sing ngerti. Nanging, kanggo wong kang percaya marang anane Gusti Allah, mesthi percaya yen Gusti Allah dununge ana jroning ati. Percaya yaiku rasa kang tuwuh jroning ati, kaya kang ana ing cuplikan iki:

sawenéh ana tutur/ Allah manggon néng bun bunanipun/ Pangran manggon ana kukulunging ati/ tondha yektiné kalamun/ bun bunan ginandhén mlopor// (kaca 79, Pangkur:15)

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake ngenani dununge utawa panggone Gusti Allah iku ana

ngendi. Saka cuplikan ing ndhuwur dimangerteni yen Gusti Allah manggon ana jroning ati saben manungsa kang percaya marang Gusti Allah. Gusti Allah ora manggon ana ing langit utawa ing lemah. Gusti Allah nduweni sipat kang ora bisa dideleng dening manungsa. Mula, dununge Gusti Allah uga ora ana kang mangerteni. Nanging, tumrape umat kang percaya marang Gusti Allah manggonake Gusti Allah jroning ati.

(3) Kuwajibane Manungsa marang Gusti Allah

Manungsa kang minangka umate Gusti Pangeran kang akarya jagad iki uga nduweni kuajiban kang kudu dilakoni. Kuajiban kang dilakoni manungsa kasebut minangka tandha bekti marang gusti Allah. Saliyane tandha bekti uga minangka prentah saka Gusti Allah kang wajib dilakoni dening manungsa mligine umat Islam. Bab kang kudu dilakoni dening manungsa minangka tandha bekti marang Gusti Pangeran yaiku nglakoni salat limang wektu. Kaya cuplikan ing ngisor iki.

resepa mring sanggyanipun/ janma kang samya nglakoni/ salat sembahyang tan gonthang/ netepi wektu mya wajib/ sukur bagya séwu sira/ wus bisa mélu nglakoni// (kaca 83, Kinanthi:2)

Saka andharan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen kuajiban marang Gusti Pangeran kang dimaksud yaiku netepi kuajiban salat limang wektu tanpa ninggalake salah sijine. Salat diperang dadi loro, yaiku salat wajib lan salat sunah. Prentah salat kang dilakoni dening manungsa minangka kuwajibane marang Gusti Allah uga nduweni piguna. Sabab salat iku bakal ngadohake manungsa saka tumindak ala lan nyedhakake manungsa marang tumindak becik.

2) Piwulang Tumrap Dhirining Manungsa

Piwulang tumrap diri pribadhi manungsa diperang dadi lima, antarane kaluwihane manungsa, kuwajibane manungsa ngangsu kawruh, kodrating manungsa, bab kang kudu dilakoni dening manungsa, lan nasibe manungsa. Manungsa diciptakake beda karo ceciptane Gusti Allah liyane, kayata kewan, tandhuran, setan, malaikat, lan liyane maneh. Kaluwihan kasebut kang ndadekake drajate manungsa luwih dhuwur tinimbang liyane. Kaluwihane manungsa kasebut antarane nduweni nepsu, akal lan pancadriya. Kaya pethikan naskah ing ngisor iki:

tan béda lakuning kéwan/ nanging sira ing tembé sun gadhahi/ ngakal budi kang

linuhung/ yéku mongka sarana/ kang narik mring alamiwah rahayu/ marang bagya lan sangsara/ marwané dèn awas éling// (Kaca 60, Pangkur:11)

Saka pethikan ing ndhuwur, cetha yen manungsa nduweni akal budi kang luhur tinimbang liyane. Anane akal lan budi kang luhung kasebut ndadekake manungsa bisa mbedakake kang bener lan salah, becik lan ala, lan bagya lan sangsara. Mula, drajate manungsa luwih dhuwur tinimbang liyane.

Kaluwihane kang dinduweni manungsa nanging ora dinduweni dening kewan lan tetuwuhan kang diandharake sajroning naskah *Serat Wedya Pramana* yen manungsa nduweni pancadriya. Panca ing basa Kawi tegese lima, dene driya tegese pangrasa utawa ati. Sajroning Bausastra (2000:567) pancadriya yaiku piranti kanggo ngrerasakake ing angganing manungsa (pandeleng, pangambu, pangrasa, ilat lan pangrungu).

ngilam umatur dhuh tuwan/ mung paduka Gusti ulun sajati/ hyang Suksma nulya sung tuduh/ éh ngilam kawruhana/ ing saméné poncadriyanta wus tuwuh/ ing tembé néng pangumbaran/ wimbuh samekta mepeki// (kaca 61, Pangkur:25)

Andharan ing ndhuwur ngandharake ngenani manungsa kang nduweni pancadriya. Angganing manungsa wis pepeg lan jangkep kanthi anane pancadriya. Perangan pancadriya antarane mripat kanggo ndeleng, irung kanggo ngambu, ati kanggo ngrasa, ilat kanggo ngicip lan kuping kanggo pangrungu.

Manungsa urip ing donya iku ora bisa uwal saka samubarang prakara kang angel utawa gampang, ngalami apa kang diarani bagya lan sangsara. Miturut Bausastra Jawa (2000) bagya yaiku rasa seneng dene sangsara yaiku urip kang katula-tula utawa kosok balene saka bagya. Kaya kang kaandharake ana ing pethikan ngisor iki:

bangkit bagya lan sangsara/ ginantungan éling kalawan lali/ sapa ingkang nora limut/ mring saliring prasetya/ ngong lilané imbal wacana lan insun/ myang mira séng sanis kara/ kang nikmat sampurna jati// (kaca 61, Pangkur:21)

Saka pethikan ing ndhuwur, dimangerteni yen bagya lan sangsarane manungsa gumantung marang dhiri pribadhi. tembung eling lan lali kang dimaksud ing ndhuwur yaiku manungsa kudu eling marang Gusti Allah kang weneh urip.

Saliyane kudu eling lan waspada sajroning uripe, manungsa uga kudu tansah lila, sabar, lan narima marang kodrat kang wis tinulis dening

Gusti Allah. Manungsa uga kudu prasetya marang janji kang wis diucapake lan dilakoni, amarga ing donya iki manungsa ora mung tanggung jawab marang tumindake ing manungsa liyane, nanging uga tanggung jawab marang Gusti Allah ing tembe mburine.

Wong kang prasetya ing janji iku tumindak kang becik. Mula, bab kang becik iku kudu dilakoni dening manungsa supaya antuk piwales kang becik uga. Manungsa uga diprentah dening Gusti Allah supaya aja cidra ing janji utawa lali marang janji kang wis kaucap. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

wijab yèn sira ngulihna/ aywa pisan sedya cidra ing janji/ yèn kongsi mada yèn wuwus/ yékti ing sun pidana/ ora wing wangsana pira murwating luput/ kéndel sabdaning hyang Suksma/ antara kawan dasa ri// (kaca 59, Pangkur:4)

Saka cuplikan ing ndhuwur, dimangerteni yen manungsa aja sepisan-pisan cidra ing janji, amarga Gusti Allah wis nyabda yen manungsa cidra ing janji bakal antuk piwales kang ala. Bab kasebut cetha sajroning ukara “yékti ing sun pidana”, tembung pidana tegese ukuman utawa siksa. Mula, aja sepisan-pisan nyidrani janji luwih-luwih janji kang wis diucapake utawa dilakoni dening dhirining pribadhi.

Manungsa uga wajib nduweni ilmu utawa kawruh. Ilmu utawa kawruh yaiku salah sawijining bab kang wigati tumrape manungsa. Ilmu utawa kawruh minangka asil woh pamikiring manungsa. Mula, saben manungsa kang urip ing alam donya diwajibake kanggo sinau utawa ngangsu kawruh. Sabab ilmu iku kang dibutuhake manungsa kanggo mujudake panguripan kang sejahtera. Ilmu nduweni piguna kang akeh tumrap manungsa, salah sijine yaiku kanthi nduweni ilmu, manungsa bisa nguripi uripe, wong kang nduweni ilmu luwih jembar ati lan pikirane lan wong kang nduweni ilmu bisa nglakoni bab-bab ing panguripane.

Salah sijine cara supaya manungsa nduweni ilmu yaiku meguru marang wong kang nduweni ilmu utawa ahli ilmu, yen jaman saiki diarani guru. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

yéku kawruh kasampurnan/ sampurnaning sangkan paran sajati/ dudu sangkan paran suwung/ wang wung isi kumandhang/ ning ngamèsi rasa kang karaséng kayun/ iku anggér pitakokna/ marang wong kang ahli ngélni// (kaca 71, Pangkur:3)

Cuplikan ing ndhuwur ngandharake supaya dadi manungsa kang sejati kudu nduweni ilmu, supaya uripe ora suwung. Sakabehe bab kang ora

dimangerteni, manungsa kudu takon ngenani bab kang ora dimangerteni marang liyane kang luwih ngerti.

Sakabehe kuwi mau ora bisa lumaku kanthi becik yen manungsa ora percaya marang kodrate. Mula, manungsa kudu percaya marang kodrat kang tinulis dening Gusti Pangeran (Allah). Percaya marang kodrat kalebu ing rukun iman kang pungkasan yaiku percaya marang *qadha* lan *qadar*. Senajan sakabehe wis tinulis sajroning kodrat, nanging manungsa kudu nduweni usaha tumrap uripe supaya luwih apik.

samongsa wus tebak takerané pasthi/ nulya pinariksa/ pracayaa baé maring/ kodrat wiradating suksma// (kaca 81, Maskumambang:11)

Andharan ing ndhuwur ngandharake ngenani manungsa kang kudu percaya marang kodrating Gusti Pangeran. Apa kang tinulis apik bakal kalakon kang apik, nanging apa kang tinulis ala bakal kena kang ala. Kaya cuplikan ing ngisor iki kang ngandharake sakabehe becik lan ala, seneng lan susah kuwi bakale ana sajroning uripe manungsa.

sapa hayu pasthi rahayu pinanggih/ sapa karem ala/ alané tamtu nartani/ wus prapténg kéné kéwala// (kaca 81, Maskumambang:12)

Cuplikan ing ndhuwur cetha katulis yen sakabehe bab kang becik lan ala bakal ditemeni dening manungsa. Sabab, sakabehe kadadeyan kang ana ing donya iki wis tinulis sajroning kitab, kalebu apa kang dialami dening manungsa. Senajan mangkono, manungsa kudu tetep nduweni usaha supaya panguripane luwih apik.

Kaya mangkono andharan ngenani Naskah *Serat Wedya Pramana* kang nengeneke ngenani bab piwulang.

PANUTUP Dudutan

Panliten kanthi obyek naskah *Serat Wedya Pramana* iki kang paling akeh dirembug yaiku ngandharake babagan piwulang. Naskah *Serat Wedya Pramana* minangka naskah Pribadi duweke mbah Sarjo kang manggon ana ing tlatah Magetan. Teori kang digunakake kanggo ngonceki naskah nggunakake teori filologi modern. Saliyane kuwi, uga nggunakake titingan hermeneutik lan titingan struktur puisi. Metode kang digunakake yaiku metodhe deskriptif analitik kang ana ing titingan filologi. Panliten iki ora ‘mung ngandharake ngenani piwulang, nanging uga

deskripsi naskah, suntingan teks, aparat kritik lan komentar.

Deskripsi naskah Wedya Pramana iki ditindhakake kanthi cara ngandharake wujud fisik lan isining naskah. Deskripsi naskah antarane: irah-irahan, panulis lan wektu panulisan naskah, bahan naskah, ukuran naskah lan cacah kaca, cacah larik saben kaca, jinis tulisan, kahanane tulisan, kahanan umum naskah, lan basane naskah lan basa kang mrabawani naskah. Sakabehe kang ana gegayutane karo naskah ditintingi kanthi cetha lan jangkep. Saliyane dheskripsi naskah, uga ana dheskripsi isining naskah. Dheskripsi isining naskah ditulis kanthi ringkes supaya pamaca gampang anggoné mangerteni isining naskah Wedya Pramana kang dadi obyek ing panliten iki.

Supaya luwih cetha lan sampurna diandharake bab suntingan teks tumrap naskah *Serat Wedya Pramana* kanthi wujud transliterasi, aparat kritik mawa komentar. Kanthi anane suntingan teks diajab bisa menehi panyaru lan panggagas liya ngenani panulisane teks kang salaras. Saliyane nggunakake suntingan teks, aparat kritik, lan komentar, panliten iki uga ngandharake sasmita lan wewatekaning tembang kang ana ing naskah iki. Andharan kang pungkasan yaiku ngenani piwulang sajroné naskah *Serat Wedya Pramana* dadi bab kang diteliti sajroning panliten iki.

Piwulang sajroning *Serat Wedya Pramana* diperang dadi loro yaiku: (1) piwulang ngenani Gusti Allah lan (2) piwulang kang katujokake tumrap dhirining manungsa. Piwulang kang gegayutan karo Gusti Allah antarane sipate Gusti Allah, kuwajibane manungsa marang Gusti Pangeran, lan dununge Gusti Pangeran. Dene piwulang kang katujokake tumrap dhiripribadhiné manungsa yaiku piwulang ngenani kaluwihane manungsa, piwulang kang gegayutan karo kuwajibane manungsa ngangsu kawruh, piwulang ngenani kodrating manungsa, piwulang ngenani bab kang kudu dilakoni dening manungsa, lan piwulang ngenani nasibe manungsa. Adhedhasar andharan ing ndhuwur, piwulang-piwulang becik sajroné naskah Wedya Pramana nduweni paedah tumrap pamaca yaiku nambah seserepan supaya panliti lan pamaos bisa ngecakake ajaran-ajaran sajroné naskah *Serat Wedya Pramana* tumrap kabecikan. Saliyane, uga bisa digunakake bahan ajar ngenani budi pakerti tumrap guru marang murid-murid ing sekolah-sekolah.

Pamrayoga

Adhedhasar saka asiling panliten *Serat Wedya Pramana* kang wis diandharake ing bab-bab sadurunge, panliten ngenani piwulang sajroné *Serat Wedya Pramana* isih nduweni kakurangan. Senadyan suntingan teks lan asiling panliten adoh saka kasampurnan, panliten iki kaajab bisa weneh sumbangsih tumrap panliten-panliten liya ngenani tradhisi naskah.

Obyek kang arupa naskah lawas iki nduweni piguna tumrap pamaca yaiku weneh seserepen mligine ing bab piwulang. Saliyane iku, obyek kang arupa naskah lawas iki diajab bisa nuwuhake pamikiran pamaca supaya bisa nglestarekake asiling kabudayan jaman biyen aja nganti rusak utawa ilang. Saliyane iku, pamaca bisa weneh pamrayoga kang sipate bisa nyengkuyung panliten iki. Sabanjure, pamaca uga diajab bisa nyusun panliten kang luwih sampurna lan weneh idhe-idhe kang anyar tumrap panliten.

KAPUSTAKAN

- Barried, Siti Baroroh, dkk. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Bertens, K. 2013. *Etika*. Yogyakarta: Kanisius
- Djamaris, Edward. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV Manasco
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- Moleong, Lexy J. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Nusantara, Masyarakat Pernaskahan. 1997. *Tradisi Tulis Nusantara*. Jakarta: Masyarakat Pernaskahan Nusantara
- Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*.
- Poerbatjaraka, R. M. Ng. 1952. *Kapustakan Djawi*. Djakarta: Djambatan
- Pradopo, Rachmad Djoko, Siti Chamamah Soeratno, Suminto A. Sayuti, dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: PT. Hanindita Graha Widia
- Purnomo, S. Bambang, 2011. *Kasusastran Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang

- Purnomo, S. Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama (Sebuah Pengantar Ringkas)*. Surabaya: Bintang
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar
- Robson, S.O. 1994. *Prinsip-Prinsip Filologi Indonesia*. Jakarta: RUL
- Rochimah, M. Fil, A. Rahman, Ahmad Fatanah Aniq, dkk. 2012. *Ilmu Kalam*. Surabaya: IAIN Sunan Ampel Press
- Subandiyah, Heny. 2007. *Filologi dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: Unesa University Press
- Sudaryanto dan Pranawa. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa
- Sugiono. 2010. *Pengantar Ilmu Pendidikan*. Surabaya: Bintang
- Sugiyono. 2013. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: Alfabeta
- Tim Penyusun Balai Bahasa Yogyakarta. 2001. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius
- Wellek, Rene & Austin Werren. 1990. *Teori Kasusastraan*. Jakarta : PT Gramedia (Terjemahan dalam bahasa Indonesia oleh Melani Budiyananto)

